

# DWA ANPLWAYE

## SELON LWA NASYONAL SOU RELASYON TRAVAY LA (NATIONAL LABOR RELATIONS ACT)

NLRA a (NATIONAL LABOR RELATIONS ACT) garanti dwa anplwaye genyen pou yo organize yo , epi epi pou yo negosye kolektivman ak patwon yo, epi pou yo enplike yo nan lòt aktivite tèt ansanm. Anplwaye ki anba NLRA\* a jwenn pwoteksyon kont yon seri kalite move conduit patwon ak sendika. Avi sa a ba w enfòmasyon jeneral sou dwa ou ak sou devwa patwon ak sendika selon NLRA a. Itilize enfòmasyon kontak pi ba yo pou w kontakte Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la, ajans Federal ki anekte sou plent epi ki rezoud yo selon NLRA a, si ou gen kesyon sou dwa espesyal ki ta aplikab kote w ap travay la espesyalman

### Selon NLRA a, ou gen dwa pou w:

- **Òganize w an sendika** pou negosye ak patwon w konsènan salè w, lè ak lòt tèm ak kondisyon travay.
- **Fòme, fè pati oswa asiste yon sendika.**
- **Negosye kolektivman** atravè reprezantan anplwaye yo yo menm chwazi pou yon kontra ak patwon w pou defini salè, avantaj, lè ak lòt kondisyon travay ou yo.
- **Diskite tèm ak kondisyon**

### Selon NLRA a, li ilegal pou sendika a oswa yon sendika ki reprezante ou nan negosyasyon ak patwon w:

- **Menase** fè w pèdi djòb ou si ou pa sipòte sendika a.
- **Refize trete yon plent poutèt** ou kritike reprezantan sendika a oswa poutèt ou pa manm sendika a.
- **Itilize oswa suiv** nòm oswa pwo sedi diskriminatwa diskriminatwa nan fè

### Selon NLRA a, li ilegal pou patwon w:

- **Entèdi w mande yon reyinyon** sendika nan lè ki pa gen travay, tankou avan oswa aprè lè poz; oswa entèdi w distribye dokiman sendika nan lè ki pa gen travay, nan espas ki pa espas travay la, tankou pakin oswa sal poz.
- **Kesyon w sou sipò** ak aktivite sendika w la yon fason k ap dekouraje w enplike w nan aktivite sa a.

travay ou oswa òganizasyon sendika ak kòlèg ou oswa ak yon sendika.

- **Pran dispozisyon** ansanm ak yon kòlèg oswa plis pou amelyore kondisyon travay ou, tankou soulve plent konsènan travay la ak patwon w dirèkteman oswa ak yon enstitisyon gouvènmantal, epi chache èd yon sendikat.
- **Grèv ak bòykòt**, selon objektif oswa mwayen grèv la oswa bòykòt la.
- **Chwazi pa fè okenn** nan aktivite sa yo, tankou antre nan yon sendika oswa rete ladan I kòm manm.

Konduit ilegal p ap akseptab. Si ou kwè yo vyole dwa w oswa dwa lòt moun, ou dwe prese kontakte NLRB pou pwoteje dwa w, nan yon dèle 6 mwa jeneral apre aktivite ilegal la. Ou ka mande enfòmasyon sou posib vyolasyon yo san patwon w oswa okenn lòt moun pa okouran de demann la. Nenpòt moun ka pote plent, san se pa anplwaye ki viktim vyolasyon an ki pote plent lan dirèkteman. NLRB ka di yon patwon pou l repran yon anplwaye li te revoke dèyè do lalwa epi pou l peye anplwaye a sale ak avantaj li te pèdi, epi l ka mande yon anplwaye oswa yon sendika pou l sispann vyole lalwa. Anplwaye yo dwe chache asistans nan biwo NLRB reyjonal ki pi pre yoke yo ka jwenn sou sit entènèt Ajans lan [www.nlrb.gov](http://www.nlrb.gov).



prezantasyon pòs nan biwo sendika.

- **Fè oswa eseye** fè yon patwon trete w ak diskriminasyon akoz aktivite sendika w.
- **Pran lòt mezi** kont ou si ou entegre oswa sipòtè yon sendika.

*Si ou menm avèk kòlèg ou chwazi yon sendika kòm reprezantan nou nan negosyasyon kolektif, patwon w ak sendika a dwe negosye ak bòn fwa nan yon efò konsekan pou yo jwenn yon akò ekri, irevokab ki define tèm ak kondisyon travay nou. Sendika a dwe reprezante nou onètman nan negosye akò a ak nan fè li aplike.*

Ou ka kontakte NLRB tou lè w rele gratis: 1-844-762-NLRB (6572). Asistans lang lan disponib Moun ki gen pwoblèm pou tande ki vle pale ak yon reprezantan NLRB ta dwe voye yon imèl bay [relay.service@nlrb.gov](mailto:relay.service@nlrb.gov). Yon reprezantan NLRB pral voye yon imèl ba moun ki fè demann lan avèk enstriksyon yo sou fason pou w planifie yon apèl sèvis relè.



- **Revoke w**, desann grad ou, oswa transfere w, redui lè travay ou, chanje lè travay ou, oswa pran lòt mezi kont ou , oswa menase pran mezi sa yo, poutèt ou fè pati oswa sipòtè yon sendika, oswa poutèt ou enplike w nan aktivite tèt ansanm pou sipò ak pwoteksyon resipwòk, oswa poutèt ou chwazi pa enplike nan okenn aktivite kon sa.

- **Menase pou fèmen** kote w ap travay la si anplwaye yo chwazi yon sendika pou reprezante yo.
- **Pwomèt oswa bay pwomosyon, bay ogmantasyon**, oswa lòt avantaj pou dekoraje w oswa ankouraje w sipò sendika a.

- **Entèdi w mete chapo**, bouton ak bwòch sendika nan travay la sof nan sikonskans espesyal.
- **Espyone oswa filme** aktivite ak ransanbleman pasifik sendika oswa pretann fè sa.

\*Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay la anglobe pi fò patwon sektè prive yo. Moun ki pa anba pwoteksyon NLRA a se anplwaye sektè publik, travayè agrikòl ak moun k ap travay nan kay, travayè endepandan, travayè paran oswa mari oswa madanm anplwaye, anplwaye konpayi ayeryèn ak anplwaye konpayi fewovyè ki anba pwoteksyon Lwa sou Travay Fewovyè, ak sipèviziè (menm si sipèviziè yo trete ak diskriminasyon poutèt yo refize vyole NLRA a ka jwenn pwoteksyon).